Қарақалпақстан Республикасы
Тақыятас районы ҳәкими
ҚАРАРЫ

Қорақалпоғистон Республикаси
Тахиатош тумани ҳокими
ҚАРОРИ

2020-жыл «03» сентябрь № 823/09 Тақыятас районы

Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў, жумыс орынларын 2021-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекстан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызам (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси, 1998 йил 5-6, 97-модда)ның 17-статьясы, Өзбекстан Республикасында нагиранларды социаллық қорғаў ҳаққындағы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 29-30-сон, 277-модда)ның 25-статьясы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрдеги 965-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм мийнет базарындағы тең шартлерде басекелесе алмайтуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм резервке қойыў тәртиби ҳаққында»ғы Реже (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами миллий базаси, 11.12.2017-йил, 09/17/965/0393-сон)ге тийкарланып социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын Тақыятас районында 2021-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде, Тақыятас районы ҳәкими

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1.Өзбекстан Республикасының "Халықты жумыс пенен тамийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясына тийкарланып социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын райондағы 35 кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлерде ислеўшилердиң дизими бойынша 2726 адамды қурайтуғын 3,1 пайызы 88 пуқара, сол есаптан:

а) нагиранлар ушын 3,75 пайыз -3 адам;

б) 14 жасқа толмаған балалары бар ҳәм нагиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 25,5 пайыз -22 адам;

в) билимлендириў мәкемелерин питкериўши жаслар ушын 62,8 пайыз-54 адам;

г) муддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 2,5 пайыз -2 адам

д) районлық Халықтың бәнтлигине көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 2,5 пайыз -2 адам;

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбурий шаралар корилген шахслар ушын 3,8 пайыз -3 адам;

ж) Адам саўдасы қурбанлары ушын 2,5 пайыз -2 адам

2.Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2021-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дузилген арнаўлы комиссия қурамы 1-қосымша, социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2021-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 2-қосымшаға тийкар тастыйықлансын.

3.Кәрхана шолкем ҳәм мекемелер басшыларына социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тамийинлеў ушын 2020-жыл жуўмақланыўынан 10 кун алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2021-жылдың 10-апрель кунинен кешиктирмей жумыс орынларының алған бөлегин 75 пайызын қураў(ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайыпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнийгеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық Халықтын бәнтлилигине көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жуклетилсин.

4.Кәрхана ҳәм мәкемелер басшылары социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрдеги 965-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм мийнет базарындағы тен шартлерде басекелесе алмайтуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм резервке қойыў тартиби ҳаққында»ғы Режеге муўапық жумыс орынларының көрсетип өтилген ҳәмде жумыс орынлары санитария-гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлеў мийнет шәраятларына муўапық болыўы тәмийинленсин.

5.Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда мәкеменің лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реженің 21-бәнтине муўапық жарийма салады.

6.Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрдеги 965-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм мийнет базарындағы тен шартлерде басекелесе алмайтуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларынын ең кем санын белгилеў ҳәм резервке койыў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге муўапык социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдарын артықша шолкемлестирилген шөлкемлер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарпланған қаржылардың бир бөлегин районлық Халықтың бәнтлигине көмеклесиў орайы менен дузилген шәртнама тийкарында Халықтың бәнтлигине көмеклесиў орайы қоры қаржылары есабынан қаплаўға ийе екенликлери есапқа алынсын.

7.Районлық Халықтын бәнтлилигине көмеклесиў орайы усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм мәкеме басшыларына жеткериўин тәмийинлеў ҳәмде оның орынланыўы устинен қатан қадағалаў тапсырылсын.

8.Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары А.Амановқа жуклетилсин.

9.Бул шешимди «Тахиатош хабарлари» газетасында рәсмий турде жариялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

10.Шешим жарияланған куннен баслап кушке киреди.

Район ҳәкими **И.Маткаримов**

Тақыятас районы ҳәкиминиң
2020-жыл «30 »сентябрь
«873/09»санлы шешимине
1-қосымша

Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған

Шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2021- жыл

ушын бәнт етип қойыу бойынша арнаўлы комиссия

ҚУРАМЫ

1. А.Аманов - Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы
2. Р.Негматов - Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығының орынбасары
3. О.Хайтбаев - Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
4. И.Балтабаев -Өзбекстан жаслар аўқамы Тақыятас районлық кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
5. Б.Туренов - Районлық экономика ҳәм санаат бөлими баслығы, комиссия ағзасы
6. З.Сапарова - Маҳалле ҳәм шанарақты коллап -қууатлаў болими баслығы
7. У.Утамурадов - Районлық медицина бирлеспеси баслығы, комиссия ағзасы
8. Т.Балтабаев - Районлық бюджеттен тысқары пенсия қорының баслығы, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзалары лаўазымы өзгерген жағдайда оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жуклетилген шахслар киритиледи.

Тақыятас районы ҳәкиминиң
2020-жыл «30» сентябрь
«823/09»санлы шешимине
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мутәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2021-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Район аймағындағы кәрхана ҳәм мәкемелер атамасы	Жумысислеўшилер саны	Квота бойынша жумыс орны	Категориялары						
				А	Б	В	Г	Д	Е	Ж
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11
1	Тақыятас касип-онер мектеби	64	3		1	1		1		
2	Тақыятас медицина бирлеспеси	523	16	2	6	7				1
3	Тақыятас Педагогика касип-онер мектеби	36	3		1	2				
4	Тақыятас районы халық билимлендириў болими	39	2		1	1				
5	Тақыятас урыс ҳәм мийнет ветеранлары санаториясы	88	4	1	2	1				
6	Тақыятас районлық Абаданластырыў басқармасы	148	5		1	1			3	
7	Санитария эпидемиялық тынышлық орайы	57	3		1	1				1
8	Маденият болими	37	2				1	1		
9	Тақыятас районы 7-санлы музыка ҳәм коркем онер мектеби	31	1		1					
10	Тақыятас районы Балалар оспиримлер спорт мектеби	84	2		1		1			
11	Тақыятас районы халық билимлендириў болими	47	1			1				
12	Баркамал аўлад балалар орайы	33	1			1				
13	Тақыятас Мәлимлеме китапхана орайы	18	1			1				
14	1-санлы орта билим бериў мектеби	114	2			2				
15	2-санлы орта билим бериў мектеби	143	3		1	2				
16	3-санлы орта билим бериў мектеби	126	2		1	1				
17	4-санлы орта билим бериў мектеби	101	3		2	1				

18	5-санлы орта билим бериў мектеби	79	2		1	1				
19	6-санлы орта билим бериў мектеби	91	2		1	1				
20	7-санлы орта билим бериў мектеби	88	2			2				
21	8-санлы орта билим бериў мектеби	105	2			2				
22	9-санлы орта билим бериў мектеби	115	3		1	2				
23	10-санлы орта билим бериў мектеби	54	2			2				
24	11-санлы орта билим бериў мектеби	67	2			2				
25	12-санлы орта билим бериў мектеби	43	1			1				
26	13-санлы орта билим бериу мектеби	49	2			2				
27	14-санлы орта билим бериў мектеби	38	1			1				
28	15-санлы орта билим бериў мектеби	39	2			2				
29	16-санлы орта билим бериу мектеби	54	2			2				
30	17-санлы орта билим бериў мектеби	31	2			2				
31	18-санлы орта билим бериу мектеби	47	2			2				
32	19-санлы орта билим бериў мектеби	37	1			1				
33	20-санлы орта билим бериў мектеби	65	2			2				
34	21-санлы орта билим бериу мектеби	34	2			2				
35	22-санлы орта билим бериў мектеби	38	2			2				
Жами		**2726**	**88**	**3**	**22**	**54**	**2**	**2**	**3**	**2**

А- нәгиранлар ушын

Б- 14-жаска толмаган балалары, майып балалары бар жеке баслы ата ҳәм ана жане коп балалы ата-аналар

В- Билимлендириў мәкемелерин тамамлап атырған жаслар ушын

Г-муддетли аскерий хызметтен босатылганлар ушын

Д-районлык Халықтын бантлигине комеклесиў орайы жумыс излеуши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын

Е- жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны отеп атырған яки суд қарарына коре медициналық ҳәрактердеги мажбурий шаралар корилган шахслар ушын

Ж- Адам саўдасы қурбанлары ушын